

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

(Dat)

Pou Paran: _____ **Anne-Grade:** _____

(Non elèv-la)

Lekòl/Sant: _____

Sijè: **AVI POU NOTIFYE YON FANMI PITIT-LI NAN PWOGRAM ENGLISH FOR SPEAKERS OF OTHER LANGUAGES (ESOL)**
(Parent Notification Of Student Placement In The English For Speakers Of Other Languages (ESOL) Program)

Dat lekòl-la plase elèv-la nan pwogram-nan: _____

Yo bay pitit-ou yon tè evalyasyon pou detèminen konpetans li nan lang angle. Dapre evalyasyon-an, pitit gason/pitit fi-ou kalifye pou Pwogram ESOL.

Deskripsyon Pwogram ESOL

Lekòl piblik Brawad Kaunti (The Broward County Public Schools) ofri elèv kap aprann lang angle (English Language Learners-ELLs) ansèyman dapre metòd pedagogik-sa-yo:

- **Enstriksyon selon kontèks (Sheltered Instruction)/Enstriksyon pou elèv ELLs nan klas ak pwogram ESOL (self-contained classes)**
- **Pwogram enstriksyon regilye nan klas regilye K-12 (Basic Mainstream Instruction K-12)**

Nan toude metòd ansèyman-yo, enstriksyon elèv ELLs-yo, nan menm nivo klas, parèy ak enstriksyon elèv ki pa ELLs. Yo itilize metòd ESOL pou ede elèv-yo konprann enstriksyon yo ba-yo. Epitou, pwogram etid, liv ak lòt materyèl enstriksyon elèv ELLs-yo se menm avèk sa elèv regilye ki pa ELL yo itilize.

Yo aplike de (2) kalite metòd pedagogik-sa-yo dapre opsyon plasman-sa-yo:

- 1. Lekòl zòn lakay elèv-la (Enstriksyon selon kontèks/ Enstriksyon pou elèv ELLs sèlman nan klas ki ofri pwogram ESOL)**
ak/oswa
(Pwogram enstriksyon regilye nan klas regilye K-12)
Lekòl zòn lakay elèv-la ka bay klas pou elèv ELLs sèlman.
Lekòl zòn lakay elèv-la ka bay klas pou elèv ELLs ak elèv ki pa ELLs nan pwogram regilye ki itilize estrateji ESOL.
- 2. The Nova Center**
Nouvo elèv ELLs kap rantre nan lekòl Broward County Public Schools kapab chwazi pou yo resevwa sèvis ESOL nan Nova Center for Applied Research and Professional Development. Admisyon-yo va depann sou kantite plas ki disponnib ankò lè yo vin enskri.

Lekòl-la plase pitit-ou nan:

- Lekòl zòn lakay elèv-la Nova Center (si gen plas)
- _____ Enstriksyon selon kontèks (sheltered instruction)
Klas ESOL pou elèv ELLs (self-contained classes)
- _____ Pwogram enstriksyon regilye nan klas regilye
K -12

Pitit-ou ap rete nan pwogram ESOL jiskaske li satisfè kritè Leta tabli pou li soti nan pwogram-nan nan egzamen pou evalye konpetans-li nan pale ak tandè angle (English aural/oral) depi kindègadenn rive douzyèm ane (grades K-12), nan tè lekti epi konpozisyon ekri pou twazyèm ane rive douzyèm ane (3-12). Yo pa ka refize yon elèv dwa li pou ansèyman li ka konprann.

Yon plan enstriksyon pou elèv kap aprann lang angle (English Language Learner Student Education Plan (ELLSEP) prepare pou elèv-la. Dosye-a rele ELLSEP folder. Pou plis ransèyman, tanpri kontakte:

_____ nan () _____
(ESOL Curriculum/ Moun pou kontakte) (Nimewo telefòn-li)

Siyati anplwaye lekòl/distrik-la: _____